

FLATBUSH BROOKLYN

Evalyasyon Bezwen Distri Komèsyal



careers
businesses
neighborhoods



Church Avenue BID
Deh Abroad Village
Flatbush Nostrand Junction BID
Chanm Komès HABNET



Kontèks

Avenue NYC se yon pwogram sibvansyon konpetitif **Depatman Sèvis Ti Biznis Vil New York** kreye pou li finanse ak ranfòse kapasite òganizasyon devlopman kominotè pou mete sou pye inisyativ pou relans komèsyal. Se Pwogram Sibvansyon Katye pou Devlopman Kominotè (Community Development Block Grant, CDBG) nan Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini ki finanse Avenue NYC. Pwogram nan vize fè envestisman nan katye kote moun gen ti revni ak revni modere.

Sibvansyon pou Relans Komèsyal Avenue NYC yo bay angajman sou plizyè ane ki vize ranfòse kapasite òganizasyon patnè yo pou yo pi byen konprann bezwen katye yo, devlope pwogram ki efikas, epi kenbe travay yo a nan kominotè a pandan omwen twa (3) lane.

Evalyasyon **Bezwen Distri Komèsyal la (Commercial District Needs Assessment, CDNA)** mete aksan sou peyizaj komèsyal ki egziste deja nan yon katye ak karakteristik konsomatè yo.

ODNA sa a gen ladan l koulwa komèsyal **Church Avenue, Flatbush Avenue, Rogers Avenue, Nostrand Avenue** ak **Caton Avenue** nan Flatbush, epi li te fèt nan tèt kole avèk **Church Avenue BID, Deh Abroad Village, Flatbush Nostrand Junction BID,** ak **HABNET** ant Oktòb 2021 ak Jen 2022.

Pwoblèm prensipal ak opòtinite evalyasyon sa a idantifye yo pral ede priyorize envestisman lokal Sèvis pou Ti Biznis (Small Business Services, SBS) kore yo, epi sèvi kòm yon resous enfòmasyon ak maketin pou katye a.

Nan Rapò Sa a

Yo kolekte kondisyon ki egziste yo, done komèsyal yo, ak deskripsyon kalitatif katye nan plis pase **868 sondaj** ak divès reyinyon avèk machann, achtè, travayè, pwopriyetè, ak rezidan ki nan katye a.

Ale nan...

| | |
|--------------------|-----------|
| Prensipal Rezilta | 4-5 |
| Estòk Biznis | 6 |
| Sa Machann yo Di | 7, 10-11 |
| Pèspèktiv Komèsyal | 12-13 |
| Sa Achtè yo Di | 10-11, 13 |
| Anviwònman Fizik | 14-15 |
| Anèks Done | 16-18 |

Flatbush se yon kominote ki dinamik epi ki gen divès kilti ladan li. Li chita kò l nan kè Brooklyn. Antanke nannan kominote Afwo-Karayibeyen an, yo konnen kèk pati nan kominote sou non Little Caribbean (Ti Karayib) ak Little Haiti (Ti Ayiti). Kèk nan enstitisyon ki pi enpòtan nan minisipalite a se Flatbush, ki gen ladan l Brooklyn College, Kings Theatre, SUNY Downstate Health Sciences University and Medical Center, Erasmus Hall High School, ak St. Jerome Roman Catholic Church. Flatbush chita kò li nan sidès Prospect Park. Li kole ak katye Prospect Lefferts Gardens, Kensington, Midwood, ak Canarsie.

Istwa Flatbush egziste depi nan lane 1600 yo. Nan epòk sa a, li te youn nan premye vilaj kolonyal Olandè yo. Flatbush se te yon tè agrikòl bwaze, kounye a li tounen yon sant komèsyal ki chaje ak moun. Nan premye mwatye 20yèm syèk la, katye a te gen kominote Juif ak kominote Italyen ladan l. Pandan ane 1960 ak 1970 yo, imigran Karayibeyen yo te enstale yo nan East Flatbush ak lòt katye ki sou kote li yo, epi nan ane 1990 yo, Ameriken Nwa yo te konpoze majorite nan popilasyon zòn nan. Depi lè a, gen pati nan katye a yo rele Little Caribbean ak Little Haiti, epi nan lane 2018, Konsèy Vil New York te rekonèt de (2) non sa yo ofisyèlman.

Genyen twa (3) prensipal koulwa komèsyal ki desèvi Flatbush: Nostrand Avenue, Church Avenue, ak Flatbush Avenue. Yo konnen sant sid distri a, kote avni Flatbush ak avni Nostrand kwaze, sou non Kafou a. Kwazman avni Flatbush ak avni Church sèvi kòm yon ne aktivite komèsyal nan nò. Biznis lokal yo devlope epi yo evolye pou yo reflekte kilti kominote Karayibeyen an. Katye a genyen yon seri biznis ki divès epi rezidan lokal, vizitè, ak machann yo ba yo anpil valè, epi gen machann ki kontan pou yo di "Flatbush genyen tout bagay ladan l!"

Flatbush gen yon dividal opsyon acha bon mache, soti nan rad chak jou, bagay pye, ak linèt mòd, rive nan rad maryaj, inifòm, ak rad fèt. Epi tou, li gen yon divèsite opsyon episri, magazen manje espesyalize, ak restoran. Melanj komès an detay inik ak divès li genyen an desèvi kominote lokal yo epi li atire vizitè ki soti pre ak lwen ki vini poutèt pri abòdab la ak òf kiltirèl Karayibeyen an. Menm si restoran ki bay sèvis limite yo klase pami senk (5) premye kategori biznis nan chak koulwa komèsyal, gwoup lòt kalite biznis yo parèt nan tout zòn nan. Nostrand Avenue ak Kafou a ofri plizyè estidyo bote, maniki ak kwafè tandiske pati lwès Church Avenue ak pati nò Flatbush Avenue se kote ki popilè pou magazen rad. Se nan pati lès Church Avenue restoran ki bay sèvis konplè ak famasi yo, magazen linèt ak magazen sante yo konsantre plis.

Flatbush se egzanp non jwèt istorik Brooklyn ki se "Vil Legliz (City of Churches)" la. Li gen 68 legliz, moske, tanp, ak lòt mezon adorasyon ki desèvi alafwa rezidan lokal yo ak pawasyon ki soti nan lòt katye yo.

An jeneral, Flatbush aksesib anpil pou rejyon an epi li gen bon koneksyon anndan katye a, sa ki ankouraje moun mache ak itilize transpò piblik. Se liy metwo B, Q, 2, ak 5, epi nèf (9) liy bis ki gen ladan yo sèvis otobis kalite siperyè ak ti bis prive yon dola yo ki desèvi li.

Demografi Katye a

Al li plis enfòmasyon nan paj 16

Avèk yon popilasyon 231,724 moun, katye a gen divèsite ekonomik ak kiltirèl. 71% nan rezidan yo se Ameriken Nwa, 12% se Ispanik/Latino, 11% se Moun Blan, epi 3% se Azyatik. Revni medyan moun nan katye a se \$60,659 avèk yon to povrete 14%, sa ki reprezante yon amelyorasyon pa rapò ak revni medyan moun nan kay yo ki se \$52,270 ak to povrete 22% yo anrejistre nan lane 2010. 46% nan rezidan lokal yo se etranje, avèk 30% nan popilasyon an ki pale yon lang ki pa Anglè lakay yo, lang ki pi kouran yo se Kreyòl Ayisyen, Panyòl, ak Arab.

Pwochen Opòtinite yo

Al li plis enfòmasyon nan paj 5

Distri komèsyal Flatbush la tire avantaj nan envestisman piblik ki fèt dènyeman yo ak sa ki ankou yo. Nouvo Mache Karayibeyen Santral Flatbush la, ki gen ansyen non Flatbush Caton Market, se yon sant aktivite pou vandè yo epi li gen ladan l yon espas kolaborasyon avèk nouvo biwo pou Chanm Komès ak Endistri Ameriken Karayibeyen an (Caribbean American Chamber of Commerce and Industry, CACCI). Sant sa a pral yon resous valab pou antreprenè ak rezidan Ameriken Karayibeyen yo nan katye a. Lòt amelyorasyon kapital resan ki fèt nan enstitisyon kle, tankou espas vèt Brooklyn College epi Kings Theatre ki restore ak relouvri, bay katye a plizyè avantaj biznis yo kapab itilize pou yo atire plis sikilasyon pyeton. Prospect Park ak Teren Parad li a ki toupre a akeyi plis pase 10 milyon vizitè chak ane. Amelyorasyon kapasite depasman apye nan katye a ak rezo bisiklèt li yo kapab atire vizitè sa yo. Sa ap fè li pi fasil pou yo vizite plizyè patrimwàn kiltirèl katye a. Depatman Transpò Vil New York prevwa elaji rezo bisiklèt katye a sou lari ki kole ak prensipal koulwa komèsyal yo nan CB14 ak CB17 epi sa kapab amelyore aksesibilite katye a toujou. Malgre yon to fasad magazen vid ki wo ki se 17% nan Kafou a, to global fasad ki vid nan katye a ki se 10.6% plis yon rezo òganizasyon kominotè ki djanm ak asosyasyon machann yo byen pozisyon pou yo tire avantaj nan amelyorasyon katye a. Nouvo pwojè ak inisyativ pou mete aksan sou avantaj katye a kapab konte sou kilti katye a k ap grandi pou rasanble machann, rezidan, ak vizitè yo.

Flatbush



▲ Sant Enterè yo

- Evalyasyon Koulwa Komèsyal yo
- Pak ak Espas Piblik yo
- Kote ki Enpòtan yo
- Distri Amelyorasyon Biznis
- Etablisman Piblik yo

▲ Kote ki Enpòtan yo



Aktivite nan Katye

- Festival African Pop-up
- Kado Sak Liv pou Rantre Lekòl
- Kèmès nan Lari sou Church Avenue
- Seremoni Ekleraj pou Fèt sou Nostrand Avenue
- Soca Santa ak Fèt Fen Ane
- Dejene Aksyon de Gras

Gwoup Machann ak Biznis

- CaribBEING
- Church Avenue BID
- Deh Abroad Village
- East Flatbush CDC
- Flatbush Avenue BID
- Flatbush Nostrand Junction BID
- Asosyasyon Machann FS Nostrand
- Chanm Komès HABNET
- Little Haiti BK

PRENSIPAL REZILTA AK OPÒTINITE

Pwen Fò

- ▶ Se yon kominote divès ki sèvi kòm yon destinasyon rejyonal pou kominote Karayibeyen an avèk yon dividal òf
- ▶ Se yon katye ki nan mitan epi moun ka mache a pye pou ale ladan l epi transpò piblik ak konpayi ti bis prive yo kapab antre fasil ladan l
- ▶ Yo òganize plizyè evènman kiltirèl ak kominotè ladan l ki atire plizyè milye moun
- ▶ Zòn ki toupre Prospect Park ak enstisyon kle yo kapab ranfòse sektè touris ak sektè komès la

Defi

- ▶ Yon mank amoni nan distri a kreye plizyè “zile” aktivite epi li limite pèsèpsyon achtè yo genyen sou òf yo nan tout katye a
- ▶ Fatra, depotwa fatra, ak grafiti se pwoblèm nan tout zòn nan epi yo minen cham katye a
- ▶ Machin ak bis yo ankonbre avni Nostrand ak avni Church. Yo fè doub ak trip pakin. Sa dekouraje plis moun vizite ak achte nan biznis lokal yo
- ▶ Konsantrasyon chèn magazen yo ak yon to 25% nan fasad magazen ki vid nan Kafou Flatbush Nostrand bare jefò òganizasyon machann yo ap fè

- ▶ Melanj komès an detay ki divès avèk biznis ki reponn ak plizyè bezwen rezidan Flatbush yo genyen nan zafè acha
- ▶ Antanke yon sant kiltirèl, Flatbush kontinye akeyi nouvo vag imigran Karayibeyen ki kontribye nan kwasans ak devlopman pèmanan katye a antanke yon kote ki atiran pou mizik, manje, atizay, ak kilti Karayibeyen
- ▶ Yon konsantrasyon mache manje fre ansanm avèk gwo makèt bay opsyon manje ki bon mache, fre, epi ki apwopriye ak kilti

- ▶ Mank prezans anliy makonnen avèk afich fasad magazen ki pa klè fè kèk biznis pi difisil pou moun jwenn yo. Anpil ti magazen gen fasad ki pase mòd, ki pa atiran, oswa ki ankonbre
- ▶ Yon majorite nan machann yo toujou ap retabli yo sou plan finansye anba pandemi COVID-19 la epi yo te fè defisi pandan peryòd pandemi an
- ▶ Nouvo biznis yo gen difikilte pou yo fè fas kare avèk pri lwaye ki wo ak règleman yo k ap chanje, epi resous pou kore biznis yo pa toujou disponib nan lang natifnatal yo
- ▶ Zak kriminel se yon pwoblèm pou anpil machann ki bezwen nouvo estrateji pou anpeche moun volè bagay nan magazen yo
- ▶ Katye a genyen ti vèdi oswa espas piblik, epi li manke opòtinite lwazi ak edikatif pou jenès lokal la





Magazen Rad WOODstack



Mache Karayib Santral Flatbush



Restoran McBean



Nostrand Avenue

Opòtinite

- ▶ Krewe yon kat distri ak estrateji maketin ki inifye ak fè pwomosyon pou divès koulwa ak varyete òf komèsyal lokal yo, ki mete aksan sou divèsite kiltirèl katye a, epi ki elaji jefò maketin ak mak Little Caribbean ak Little Haiti ap fè
- ▶ Itilize rapwochman ak Prospect Park, Teren Parad la, Brooklyn College, ak lòt enstitisyon kle yo antanke yon opòtinite pou atire vizitè nan biznis lokal yo
- ▶ Devlope yon pwogram amelyorasyon fasad magazen pou bay machann yo sipò gratis oswa bon mache nan zafè konsepsyon pou amelyore bote vitrin fasad magazen yo
- ▶ Netwaye ak anbeli katye a nan devlope yon estrateji asenisman global, enstale nouvo amenajman peyizaj, penti sou mi, mèb lari, epi lanse yon kanpay kont fatra
- ▶ Ogmante kolaborasyon pami òganizasyon lokal ki pa la pou fè pwofi yo, òganizasyon ki konsantre sou Karayib yo, ak etidyan Brooklyn College yo pou devlope pwogram kominotè ak pwogram kiltirèl epi pataje resous yo
- ▶ Elaji epi ranfòse espas piblik la, ki gen ladan l Hillel Place Plaza ak zòn ki antoure Brooklyn College, epi ogmante espas pyeton an pou amelyore depласman apye a
- ▶ Ogmante aksè nan sèvis sipò pou biznis yo ak konesans sou yo ki gen ladan l asistans pou finansman, negosyasyon lwaye, sipò pou maketin, ak sètifikasyon M/WBE nan plizyè lang diferan
- ▶ Fè patenarya avèk pwopriyetè yo pou krewe eksperyans magazen tanporè pou ogmante sikilasyon pyeton kote genyen gwoup fasad magazen ki vid epi rekrute biznis alontèm ki pral reponn ak demann konsomatè lokal yo ki pa satisfè

Ki Pwochen Etap la?

Pou abòde prensipal rezilta ak opòtinite sa yo, SBS bay òganizasyon benevòl yo Sibvansyon pou Relans Komèsyal Avenue NYC sou plizyè ane.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou: nyc.gov/avenuenyc

PEYIZAJ KOMÈSYAL: FLATBUSH

Estòk Biznis

1,662

Kantite Fasad Magazen Antou

10.6%

Fasad Magazen ki Vid*

*Remak: Nan lane 2021, 76 Distri Amelyorasyon Biznis Vil New York yo te siyale yon to espas vid mwayen nan etaj anba ki se 13% ak yon to espas vid medyan nan etaj anba ki se 11% (SBS BID, Trends Report, FY21).


Fasad Magazen ak Melanj Komès An Detay

| | |
|---|-----|
| Salon Bote/ Salon Maniki ak Kwafè | 185 |
| Vid | 177 |
| Restoran ki bay Sèvis Limite | 133 |
| Ajans Gouvènman, Sèvis Sosyal, Òganizasyon ki pa la pou fè Pwofi, ak Mezon Adorasyon yo | 121 |
| Magazen Rad, Soulye, Bijou, ak Gran Magazen | 117 |
| Makèt, Episri, ak Magazen Manje Espesyalize | 95 |
| Magazen Machandiz Jeneral, Twal, Mèb ak Pèpè | 82 |
| Sèvis Pwofesyonèl | 77 |
| Episri / Bodega | 72 |
| Doktè, Dantis ak Sèvis Medikal | 72 |
| Famasi, Magazen Linèt, ak Magazen Pwodui Sante | 72 |
| Restoran ki bay Sèvis Konplè | 71 |
| Lavotomatik, Dray, Bòs Tayè, ak Kòdonye | 56 |
| Magazen Telefòn Selilè ak Aparèy Elektwonik | 55 |
| Magazen Pwodui Bote | 40 |
| Kenkayri, Bagay pou Kay, Enprimri, ak Magazen Founiti Biwo | 30 |
| Ba, Klèb, ak Espas pou Evènman | 28 |
| Chòp Kafè, Ba ki vann Ji Fwi, ak Boutik Krèm Glase | 28 |
| Magazen Alkòl ak Chòp ki Vann Bagay pou Fimen | 28 |
| Lekòl, Gadri, ak Lekòl Matènèl | 26 |
| Ankèsman Chèk, Transfè Lajan, ak Plàn | 23 |
| Biznis Machin, Lokasyon Machin, Eskoutè Elektrik, ak Pon Gaz | 15 |
| Bank ak Kès Depay | 14 |
| Vwayan, Magazen Remèd Fèy, Machann Flè, ak Magazen Liv | 11 |
| Djim, Estidyo Dans, A Masyal, ak Espas Byennèt | 8 |
| Lòt | 26 |

Church Avenue BID, Deh Abroad Village, Flatbush Nostrand Junction BID, ak HABNET te kolekte done sou estòk biznis ak melanj komès an detay nan kad yon envantè konplè sou biznis ki gen fasad ki chita kò yo sou avni Flatbush, Church, Nostrand, ak Rogers. Done sou fasad magazen nou prezante la yo se done Prentan 2022.



Nostrand Avenue





Church Avenue



6-A Hardware



Sa Nou Tande nan Bouch Machann Flatbush yo

Konbyen ane ou genyen depi w ap fè biznis nan zòn nan?



Remak: Mwayèn nan se mwayèn pou tout repons yo, medyan an se chif ki nan mitan an lè tout repons yo ranje nan lòd kwasan, epi mòd la se repons moun bay pi souvan an.

Konbyen anplwaye a plen tan ou genyen?



Èske w se mèt pwopriyete w la oswa ou se lwe ou lwe li?



Pou kounye a, eske biznis ou an genyen yon sitwèb?




Èske biznis ou an se yon biznis gwoup minoritè oswa fanm posede?



Pou kounye a, èske biznis ou an sou rezo sosyal yo?



Pandan ane ki sot pase a, èske biznis ou te amelyore, rete menm jan an, oswa diminye?



Sous: Sou baz 413 sondaj Church Avenue BID, Deh Abroad Village, Flatbush Nostrand Junction BID, ak HABNET te fè bòkote machann yo nan sezon lè ak Prentan 2022.

PEYIZAJ KOMÈSYAL

Little Caribbean

Flatbush Avenue soti Parkside Avenue rive Ditmas Avenue, Rogers Avenue soti Clarkson Avenue rive Church Avenue, Church Avenue soti Coney Island Avenue rive Nostrand Avenue

Estòk Biznis

587

Fasad Magazen Antou

8%

Fasad Magazen ki Vid

Eta Fasad Magazen yo

16%

Pa bon

27%

Nòmàl

57%

Bon




Gran Magazen Bonbon sou Flatbush Avenue

Biznis Moun Konnen Plis



Ki chanjman yo dwe fè nan koulwa w la oswa ozalantou li pou atire plis achtè?

% Repons Machann



Sous: Sou baz 110 (sou yon total 413) sondaj Church Avenue BID, Deh Abroad Village, Flatbush Nostrand Junction BID, ak HABNET te fè bòkote machann yo nan sezon Ivè ak Prentan 2022.

Little Haiti

Nostrand Avenue soti nan Parkside Avenue rive nan Glenwood Road

Estòk Biznis

376

Fasad Magazen Antou

10%

Fasad Magazen ki Vid

Eta Fasad Magazen yo

13%

Pa bon

42%

Nòmàl

45%

Bon



Nostrand Avenue

Biznis Moun Konnen Plis



Ki chanjman yo dwe fè nan koulwa w la oswa ozalantou li pou atire plis achtè?

% Repons Machann



Sous: Sou baz 103 (sou yon total 413) sondaj Church Avenue BID, Deh Abroad Village, Flatbush Nostrand Junction BID, ak HABNET te fè bòkote machann yo nan sezon Ivè ak Prentan 2022.

East Flatbush

Church Avenue soti nan Nostrand Avenue rive nan E 55th Street

Estòk Biznis

364

Fasad Magazen Antou

10%

Fasad Magazen ki Vid

Eta Fasad Magazen yo

13%

Pa bon

21%

Nòmaj

66%

Bon



Church Avenue nan East Flatbush

Sous: Sou baz 52 (sou yon total 413) sondaj Church Avenue BID, Deh Abroad Village, Flatbush Nostrand Junction BID, ak HABNET te fè bòkote machann yo nan sezon Ivè ak Prentan 2022.

Kafou a

Flatbush Avenue soti Ditmas Avenue rive Avenue J, Nostrand Avenue soti Glenwood Road rive Avenue J, Hillel Place soti Flatbush Avenue rive Campus Road, Avenue H soti Flatbush Avenue rive Campus Road

Estòk Biznis

335

Fasad Magazen Antou

17%

Fasad Magazen ki Vid

Eta Fasad Magazen yo

6%

Pa bon

19%

Nòmaj

75%

Bon



Kafou a

Sous: Sou baz 77 (sou yon total 413) sondaj Church Avenue BID, Deh Abroad Village, Flatbush Nostrand Junction BID, ak HABNET te fè bòkote machann yo nan sezon Ivè ak Prentan 2022.

Biznis Moun Konnen Plis



Ki chanjman yo dwe fè nan koulwa w la oswa ozalantou li pou atire plis achtè?

% Repons Machann



Biznis Moun Konnen Plis



Ki chanjman yo dwe fè nan koulwa w la oswa ozalantou li pou atire plis achtè?

% Repons Machann



PEYIZAJ KOMÈSYAL

Sa Nou Tande nan Bouch Machann Flatbush yo

Kisa ou renmen nan distri komèsyal Flatbush la?

“Espri ekip, tout bagay pre, fasilite”.

“Kote l ye a”.

“Bon kote pou paran yo. Li aksesib. Se yon gwo wout”.

“Pratik. Bis, tren, tout lòtbò a. Tout sa w bezwen nan yon sèl blòk”.

“Li san danje epi to krim nan ba epi kominote a gen tèt ansanm”.

“Li fasil pou ale nan lavotomatik ak restoran yo”.

“Gen anpil sikilasyon pyeton”.

“Gen anpil aktivite nan katye m nan, toujou gen moun k ap soti nan tren an pou ale nan biznis yo”.

“Karak tè ak santiman apatenans kominote a”.

Kisa ki fè distri komèsyal Flatbush la san parèy?

“Kominote divèsifye, imigran yo, moun yo amikal anpil, transpò, èd BID la”.

“Rapwochman li ak pak la se yon avantaj. Se katye ki pi pre ak teren parad la ki se yon kote ki atiran pou moun ki jwe foutbòl. Genyen opòtinite maketin lòtbo a pou gwoup sa a. Si nou te gen yon ti restoran nan zòn nan, anpil moun t ap frekante l”.

“Se yon popilasyon karayibeyen”.

“Gen anpil aktivite ak lekòl”.

“Gen anpil moun ki se moun katye a. Kidonk, tout moun konn moun”.

“Divèsite ak sant transpò a”.

“Gwo enèji afwosantrik la. Manje a, lè w wè kominote Moun nwa yo ap pwogrese”.

Sa Nou Tande nan Bouch Machann ak Achtè Flatbush yo

Ki chanjman ou ta renmen wè yo fè pou amelyore distri komèsyal Flatbush la?

“Ajoute chèz nan tout koulwa komèsyal la ak plis poubèl”.

“Gen yon gwo twou dlo fè sou Avenue D ak Nostrand”.

“Sit ki vid yo atire fatra epi yo vin tounen depotwa fatra ilegal”.

“Asenisman sou Church Avenue an pa bon menm. Mwen pa sipòte fatra ki pouri ak manje yo jete, melanje avèk move drenaj lè li fè cho”.

“Ogmante sekirite nan katye a epi amelyore ekleraj lari a”.

“Ajoute plis biznis toujou (tankou mache pwason/vyann) toupre a”.

“Plis pakin”.

“Kreye piblisite ak evènman pou montre sa katye a genyen pou l ofri”.

“Amelyorasyon fasad magazen, kolaborasyon ant machann, plis evènman kominotè ki kore timoun nan kominote a”.

“Amelyore estasyon Church Ave B/Q a. Li lèd, li bay depresyon ak dekourajman, epi katye a merite yon pi bon estasyon”.

Ki chanjman yo dwe fè nan Flatbush pou atire plis vizitè oswa achtè?

| | % Repons Machann | % Repons Konsomatè |
|--------------------------------|------------------|--------------------|
| ▶ Asenisman, netwayaj lari | 58% | 62% |
| ▶ Amenajman peyizaj/anbelisman | 53% | 51% |
| ▶ Sekirite | 53% | 48% |
| ▶ Evènman kominotè | 37% | 40% |
| ▶ Retrè Grafiti | 29% | 32% |
| ▶ Ekleraj Lari | 28% | 28% |
| ▶ Kolaborasyon ant machann | 26% | 18% |
| ▶ Amelyorasyon transpò | 23% | 22% |
| ▶ Amelyorasyon fasad magazen | 21% | 28% |
| ▶ Plis espas ouvè | 14% | 27% |
| ▶ Lòt | 5% | 4% |

PÈSPEKTIV KOMÈSYAL

Demann pou Komès an Detay nan Flatbush

Rezidan yo depanse

\$4.72 milya


chak ane pou byen ak sèvis an detay

Rezidan yo ap depanse

\$5.52 milya

chak ane pou byen ak sèvis an detay disi 2027

Depans Konsomatè yo pou ane 2022




Done sou depans konsomatè yo baze sou fanmi yo epi yo reprezante montan tout fanmi lokal yo depanse chak ane pou yon pwodui oswa sèvis nan zòn komèsyal la.


Sous: Previzyon ESRI pou 2022 ak 2027; done sou Depans Konsomatè yo soti nan Ankèt sou Depans Konsomatè yo pou 2018 ak 2019, Biwo Estatistik Travay (Bureau of Labor Statistics).

Tandans Komèsyal


Chanjman nan Chif Dafè Total, 2015-2022




Chif Dafè Total nan Flatbush*



Chanjman nan Chif Dafè Medyan selon Biznis, 2015-2022



Chif Dafè Medyan Flatbush selon Biznis*




*Ane 2022 a reflete done yo kolekte rive jiska Mas 2022. Sous: Divizyon Politik Fiskal, Depatman Finans Vil New York

Sa Nou Tande nan Bouch Achtè yo


Ki lòt kalite biznis ou ta renmen wè nan Flatbush?

- ▶ Magazen rad
- ▶ Makèt
- ▶ Restoran
- ▶ Aktivite lwazi pou timoun
- ▶ Chòp kafe ak ba
- ▶ Magazen manje natirèl


Kilè ou abitye fè pwovizyon nan Flatbush?



Kijan ou abitye deplase pou ale Flatbush?




Konbyen fwa ou fè pwovizyon nan Flatbush?



Sous: Sou baz 405 sondaj Church Avenue BID, Flatbush Nostrand Junction BID, Deh Abroad ak HABNET te fè bòkote machann yo nan sezon Prentan 2022.

ANVIWÒNMAN FIZIK

Fasad Magazen ki Vid



■ Teren Vid

○ Fasad Magazen ki Vid

■ Pak ak Espas Ouvè

Yon analiz 1,662 fasad magazen sou avni Flatbush, Church, Nostrand, ak Rogers revele 13% nan fasad magazen yo an movèz eta, 27% nan yon eta ki plizoumwen, epi 60% an bon eta.

Obsèvasyon Peyizaj Lari a

- ▶ Depotwa fatra ilegal kreye pwoblèm pou biznis lokal yo. Fòk gen plis siveyans sou asenisman ak poubèl, ak yon kanpay kont fatra pou sansibilize moun yo sou zafè depotwa ilegal la.
- ▶ Plis pyebwa, ekleraj lari, plant, ak siveyans asenisman t ap ogmante jefò anbelisman yo nan distri a. Sa t ap fè achtè yo gen yon pèsèpsyon ki pi pozitif konsènan zòn nan.
- ▶ Ekleraj pou fèt nan tout distri a amelyore vizaj katye a pandan sezon fèt la.
- ▶ Twotwa yo ki laj sou Flatbush Avenue bay ase espas pou anpil sikilasyon pyeton katye a resevwa, men twotwa yo ki pi piti nan kèk pati Church Avenue anplis kèk machann ak machann nan lari k ap layite ak vann machandiz sou twotwa a kreye blokis.
- ▶ Fòk yo fè yon renovasyon konplè nan estasyon tren Church Avenue B/Q a.
- ▶ Plizyè arè bis sou avni Church ak avni Flatbush ap bezwen ban akabri pou pwoteksyon moun kont move tan. Sa enpòtan anpil piske yo itilize bis anpil nan katye, epi ankonbreman sikilasyon nan tout katye a bay reta.



Etid Espas Fizik: Hillel Place Plaza

Hillel Place Plaza se yon espas piblik ki enpòtan anpil nan kè Kafou a. Li chita kò li nan kafou avni Flatbush ak avni Nostrand epi li fini nan Kenilworth Place. Hillel Place Plaza se yon espas ouvè ki plen aktivite ki gen gwo biznis ak de (2) nan senk (5) bank Kafou a ki gen ladan I MCU Bank ak Northfield Bank; li genyen senk (5) restoran, yon salon maniki, yon salon sousi, ak yon dray. Hillel Place Plaza genyen souvan anpil elèv ak etidyan k ap frekante l, piske li wout li se wout ki pi dirèk ki mennen nan transpò piblik nan Kafou Flatbush pou elèv lekòl segondè lokal yo ak sila yo ki se etidyan nan Brooklyn College. Akoz rapwochman li ak McDonalds, Panda Express, Chipotle, Burger King, Popeyes, ak lòt restoran ki toupre yo, genyen souvan yon gwoup travayè k ap fè livrezon sou bisiklèt elektrik. Plaza a bay espas tou pou sansibilizasyon kominote a, evènman tanporè ak plizyè mache vandè ki aktive espas la epi amelyore distri komèsyal la.



Ki rapò ou genyen ak espas sa a?

% Repons Moun ki Itilize Espas la

| | |
|---------------------------|------------|
| ▶ Mwen abite nan katye a | 32% |
| ▶ Mwen se vizitè | 30% |
| ▶ Mwen se elèv/etidyan | 26% |
| ▶ Mwen travay nan katye a | 11% |

Kijan ou abitye itilize espas sa a?

% Repons Moun ki Itilize Espas la

| | |
|--------------------------------------|------------|
| ▶ Mwen fè ale vini/mwen pase ladan | 60% |
| ▶ Mwen manje ladan | 58% |
| ▶ Mwen frekante moun/rankontre zanmi | 50% |
| ▶ Mwen fè acha | 10% |
| ▶ Mwen jwe jwèt/fè espò | 8% |
| ▶ Lòt | 6% |
| ▶ San repons | 2% |

Ki twa (3) premye bagay ou pi renmen nan plaza a?

% Repons Moun ki Itilize Espas la

| | |
|------------------------------------|------------|
| ▶ Li toupre magazen ak restoran yo | 54% |
| ▶ Li adapte pou pyeton ak bisiklèt | 42% |
| ▶ Moun yo ak kominote a | 38% |

Chak ki lè ou ale nan plaza sa a?

| | | | |
|------------|------------|------------|-----------|
| 50% | 36% | 10% | 4% |
| Chak jou | Chak semèn | Chak mwa | Raman |

Kilè ou abitye ale nan espas sa a?

| | | | |
|------------|------------|------------|------------|
| 88% | 12% | 91% | 9% |
| Lajounen | Leswa | Lasemèn | Nan wikenn |

Limit Zòn Etid la

■ Evalyasyon Koulwa Komèsyal yo

Yo te kolekte prensipal done sou biznis ki gen fasad nan Flatbush yo prezante nan paj 6-9 nan koulwa komèsyal sa yo:

- ▶ Church Avenue an Coney Island Avenue ak East 56th Street
- ▶ Flatbush Avenue ant Parkside Avenue ak Avenue H
- ▶ Nostrand Avenue ant Parkside Avenue ak Avenue J
- ▶ Rogers Avenue ant avni Clarkson ak avni Church

— Zòn Kontèks Flatbush

Done demografik ak done sou anplwa nan paj 16-17 reprezante popilasyon nan zòn kontèks katye Flatbush la.

... Zòn Komèsyal

Done sou depans konsomatè nan paj 12 la koresponn avèk zòn komèsyal 1.2 kilomèt la.



Demografi Zòn nan

Popilasyon Total

| | |
|------------------|--------------|
| 231,724 | Flatbush |
| 2,589,974 | Brooklyn |
| 8,419,316 | Vil New York |

Dansite Popilasyon an (pa kilomèt kare)

| | |
|---------------|--------------|
| 52,627 | Flatbush |
| 37,267 | Brooklyn |
| 27,845 | Vil New York |


Kantite Moun An Mwayèn ki nan Kay la

| | |
|-------------|--------------|
| 2.67 | Flatbush |
| 2.66 | Brooklyn |
| 2.60 | Vil New York |

Pousantaj Moun ki Gen Machin

| | |
|--------------|--------------|
| 42.8% | Flatbush |
| 44.3% | Brooklyn |
| 45.4% | Vil New York |


Mòd Deplasman



- 33,432** Moun ap travay nan Flatbush, ap viv lòt kote
- 4,742** Moun ap Viv ak Travay nan Flatbush
- 114,340** Moun ap viv nan Flatbush, travay lòt kote

Demografi Zòn nan

Ras/Orijin




| | Flatbush | Brooklyn | Vil New York |
|--|----------|----------|--------------|
| Ispanik oswa Latino (nenpòt ras) | 12% | 19% | 29% |
| Moun blan sèlman | 11% | 36% | 32% |
| Moun Nwa oswa Ameriken Nwa sèlman | 71% | 30% | 22% |
| Azyatik sèlman | 3% | 12% | 14% |
| De (2) oswa plis ras | 2% | 2% | 2% |
| Kèk lòt ras sèlman | 1% | 0% | 1% |
| <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken ak Alaskyen Natifnatal sèlman | 0% | 0% | 0% |
| <input type="checkbox"/> Awaysen Natifnatal ak Lòt Moun Zile Pasifik | 0% | 0% | 0% |

Nivo Etid



| | Flatbush | Brooklyn | Vil New York |
|---------------------------------------|----------|----------|--------------|
| Klas 12yèm Ane oswa Mwens, San Diplòm | 13% | 18% | 18% |
| Diplòm Etid Segondè | 33% | 26% | 24% |
| Detwa Jou nan Kolèj, San Diplòm | 18% | 13% | 14% |
| Diplòm Asosye (Pwogram Dezan) | 6% | 6% | 6% |
| Lisans | 19% | 23% | 22% |
| Metriz oswa Diplòm Pwofesyonèl | 11% | 15% | 16% |

Laj Popilasyon an



| | Flatbush | Brooklyn | Vil New York |
|--------------------|----------|----------|--------------|
| Ki Poko Gen 5 Lane | 6% | 7% | 6% |
| Ant 5 ak 15 Lane | 12% | 12% | 11% |
| Ant 15 ak 24 Lane | 13% | 12% | 12% |
| Ant 25 ak 44 Lane | 32% | 32% | 31% |
| Ant 45 ak 64 Lane | 24% | 23% | 25% |
| Plis Pase 65 Lane | 14% | 14% | 15% |

Laj Medyan

| | |
|-------------|--------------|
| 36.5 | Flatbush |
| 35.2 | Brooklyn |
| 36.7 | Vil New York |

Popilasyon Etranje

| | |
|------------|--------------|
| 46% | Flatbush |
| 36% | Brooklyn |
| 37% | Vil New York |

Revni

Revni Medyan Moun nan Kay yo

| | |
|-----------------|--------------|
| \$60,659 | Flatbush |
| \$60,231 | Brooklyn |
| \$63,998 | Vil New York |

Popilasyon Ki Anba Limit Povrete

| | |
|------------|--------------|
| 14% | Flatbush |
| 16% | Brooklyn |
| 18% | Vil New York |

Anplwa

Popilasyon ki Aktif

| | |
|------------|--------------|
| 66% | Flatbush |
| 64% | Brooklyn |
| 64% | Vil New York |


To Chomaj*

| | |
|-------------|--------------|
| 5.9% | Flatbush |
| 6.2% | Brooklyn |
| 6.3% | Vil New York |

*Remak: Apati mwa Me 2022, to chomaj la nan Brooklyn se te 5.8% epi 5.7% nan Vil New York (Depatman Travay Eta New York, NYSDOL); done ki ajou onivo katye pou Flatbush pa disponib.


Djòb Lokal ak Anplwa

Anplwa Rezidan Lokal yo



| | |
|--|-----|
| Sèvis Edikatif, Swen Sante, Asistans Sosyal | 36% |
| Sèvis Pwofesyonèl, Syantifik, ak Teknik | 11% |
| Komès An Detay | 9% |
| Lojman, Sèvis Restorasyon, Atizay, ak Divètisman | 8% |
| Transpò, Estokaj nan Depo, Sèvis Piblik | 8% |
| Finans, Asirans, Imobilye | 6% |
| Konstriksyon | 5% |
| Administrasyon Piblik | 4% |
| Fabrikasyon | 2% |
| Lòt Sèvis | 10% |

Djòb ki nan Flatbush



| | |
|--|-----|
| Sèvis Edikatif, Swen Sante, Asistans Sosyal | 49% |
| Sèvis Pwofesyonèl, Syantifik, ak Teknik | 3% |
| Komès An Detay | 14% |
| Lojman, Sèvis Restorasyon, Atizay, ak Divètisman | 8% |
| Transpò, Estokaj nan Depo, Sèvis Piblik | 1% |
| Finans, Asirans, Imobilye | 4% |
| Konstriksyon | 3% |
| Administrasyon Piblik | 9% |
| Fabrikasyon | 2% |
| Lòt Sèvis | 4% |

Transpò nan Flatbush



▲ Transpò nan Flatbush

— Wout Otobis

... Liy pou Bisiklèt

Metwo Vil New York

Kantite Pasaje Bis Chak Mwa An Mwayèn (2021)

| | |
|----------------|---------|
| 3,698 | B2 |
| 220,664 | B6 |
| 34,200 | B7 |
| 112,569 | B8 |
| 63,527 | B11 |
| 189,822 | B35 |
| 140,996 | B41 |
| 84,505 | B44 |
| 110,595 | B44 SBS |
| 108,512 | B46 |
| 130,942 | B46 SBS |
| 54,089 | B49 |
| 92,082 | B103 |

Kantite Pasaje Metwo Lasemèn An Mwayèn (2021)

| | | |
|--------------|-----|-------------------------------|
| 4,910 | F G | Church Ave |
| 8,442 | 2 5 | Flatbush Ave Brooklyn College |
| 3,697 | 2 5 | Newkirk Ave |
| 2,213 | 2 5 | Beverly Rd |
| 4,906 | 2 5 | Church Ave |
| 8,066 | B Q | Church Ave |

Kantite Pyeton

Flatbush Avenue soti Martense Street rive Church Avenue

| | |
|--------------|--------------------|
| 847 | Lematen nan Semèn |
| 2,680 | Apremidi nan Semèn |
| 2,222 | Nan wikenn |

Church Avenue soti Nostrand Avenue rive East 31st Street

| | |
|--------------|--------------------|
| 1,293 | Lematen nan Semèn |
| 3,135 | Apremidi nan Semèn |
| 1,987 | Nan wikenn |

Sikilasyon Veyikil Chak Jou An Mwayèn

| | |
|---------------|---|
| 14,691 | Nostrand Avenue soti Flatbush Avenue rive Avenue J |
| 20,824 | Flatbush Avenue soti Nostrand Avenue rive Farragut Road |
| 19,805 | Flatbush Avenue soti Farragut Road rive Bedford Avenue |
| 12,365 | Church Avenue soti Flatbush Avenue rive Kings Highway |

Sous: MTA 2021; NYS DOT, 2019 done sou Sikilasyon Chak Jou An Mwayèn Chak Ane pou 2019.

Dènnye Investisman SBS nan Katye a

- ▶ *Relans Komèsyal*, Sibvansyon \$600,000 sou plizyè ane Neighborhood 360° bay caribBEING, 2022-2025.
- ▶ *Relans Komèsyal*, Sibvansyon \$600,000 sou plizyè ane Neighborhood 360° bay Little Haiti BK, 2022-2025.
- ▶ *Relans Komèsyal*, Sibvansyon \$300,000 sou plizyè ane Avenue NYC bay Church Avenue BID, 2021-2024.
- ▶ *Relans Komèsyal*, Sibvansyon \$100,000 pou yon ane Avenue NYC bay Deh Abroad Village, 2021-2022.
- ▶ *Relans Komèsyal*, Sibvansyon \$100,000 pou yon ane Avenue NYC bay Flatbush Nostrand Junction BID, 2021-2022.
- ▶ *Relans Komèsyal*, Sibvansyon \$100,000 pou yon ane Avenue NYC bay Chanm Komès HABNET, 2021-2022.
- ▶ *Sipò Distri Komèsyal pou Konbat COVID-19*, Sibvansyon Enpak Estratejik \$20,000 yo bay caribBEING, 2021.
- ▶ *Sipò Distri Komèsyal pou Konbat COVID-19*, Sibvansyon Enpak Estratejik \$20,000 yo bay Flatbush Avenue BID, 2021.
- ▶ *Sipò Distri Komèsyal pou Konbat COVID-19*, Sibvansyon Enpak Estratejik \$20,000 yo bay HABNET, 2021.

Plan ak Etid ki Egziste yo

Rapò sou Angajman Kominotè Bedford-Church, Rezilta Pwosesis Komemorasyon ak Re-amenajman Simityè Afriken nan Flatbush, Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman, 2021.

East Flatbush: Prezèvasyon, Otonomizasyon ak Endepandans Kominote, Sant Etid Siperyè Enstiti Pratt pou Planifikasyon ak Prezèvasyon Istorik Anviwònman Estidyo 2, Otòn 2020.

Pwojè pou Koulwa ki Ankonbre nan Tout Vil la: Church Avenue soti McDonald Avenue rive Utica Avenue Borough nan Rapò Final Brooklyn, Depatman Transpò Vil New York, 2013.

Chanjman Zonaj Flatbush, Depatman Ibanis Vil New York, 2009.

Etid sou Pyeton Flatbush Avenue, Depatman Ibanis Vil New York, 2008.

Sous

ESRI ak Ankèt sou Depans Konsomatè, Biwo Estatistik Travay. Pèspektiv Demann pou Lavant an Detay ESRI pou 2022.

Otorite Transpò Metwopoliten, 2021. Kantite Pasaje Metwo Lasemèn An Mwayèn ak Kantite Pasaje Bis Chak Mwa An Mwayèn.

Depatman Travay Eta New York. Me 2022. Klasman To Chomaj selon Konte.

Depatman Transpò Eta New York. Sikilasyon Chak Jou An Mwayèn Chak Ane pou 2019, grasa Aparèy pou Wè Done sou Sikilasyon.

Depatman Finans Vil New York, Divizyon Politik Fiskal, grasa done Depatman Taks ak Finans Eta New York. Yo deklare chif dafè yo selon ane fiskal la, ki soti 1ye mas rive 28 fevriye. Nou kolekte done sou lavant yo apati deklarasyon taks sou lavant, yo regwoupe selon moun ki fè deklarasyon taks la pandan yon ane, san konte deklarasyon taks ki gen montan lavant ki negatif. Pou chak ane, yo siyale chak moun ki fè deklarasyon taks selon adrès ki sou dènnye deklarasyon li an. Yo retire gwo valè apa yo nan analiz la, epi yo retire premye 5% moun ki fè deklarasyon taks ki soti Manhattan yo ak premye 1% moun ki fè deklarasyon taks ki soti nan minisipalite deyò yo selon lavant yo.

Depatman Sèvis Ti Biznis Vil New York. Ane Fiskal 2021. Rapò sou Tandans Distri Amelyorasyon Biznis.

Depatman Transpò Vil New York. Kantite Pyeton ak Siklis pou ane 2021.

Biwo Resansman Etazini. 2019. Aplikasyon OnTheMap. Lonjitidinal-Pwogram Dinamik Fanmi Patwon yo.

Biwo Resansman Etazini. Sondaj Kominote Ameriken, Estimasyon 5 Lane Sondaj Kominote Ameriken pou 2019, grasa NYC Population FactFinder. Sektè Resansman Flatbush: 790.01, 792.02, 510.01, 862, 790.02, 792.01, 794, 508.04, 796.01, 512, 506, 508.01, 508.03, 510.02, 514, 516.01, 516.02, 796.02, 798.01, 798.02, 836, 838, 726, 740, 742, 750, 800, 766, 770, 772, 774, 776, 780, 782, 784, 786.01, 786.02, 788.01, 788.02, 802, 834, 804, 814, 816, 818, 820, 822, 824, 826, 828, 830, 832, 840, 846, 848, 850, 852, 854, 856, 858, 860, 864, 866, 868, 870, 872, 938, 936, 932, 946, 1522.

Kredi Foto: Wikimedia Commons: Beyond My Ken, Jim Henderson. Church Avenue BID: Sade Fasanya. Chanm Komès HABNET. Deh Abroad Village. Flatbush Nostrand Junction BID. NYC SBS: Rehanna Azimi.

KONSÈNAN SBS

Depatman Sèvis Ti Biznis ede deklanche potansyèl ekonomik la epi kreye sekirite ekonomik pou tout moun New York yo nan fè yo jwenn bon travay, kreye biznis ki pi solid, epi bati yon ekonomi ki pi jis nan katye ki nan senk (5) minisipalite yo.

REMÈSIMAN

Nou ta renmen rekonèt ak remèsi moun ak òganizasyon sa yo pou kout men yo bay nan devlopman Evalyasyon Bezwen Distri Komèsyal Flatbush la:

Manm Konsèy Vil New York la Rita Joseph
Manm Konsèy Vil New York la Farah N. Louis
Konsèy Kominotè Brooklyn 14 ak 17
Church Avenue BID
Deh Abroad Village
Flatbush Nostrand Junction BID
Chanm Komès HABNET
Machann Flatbush yo
Achtè ak Rezidan Flatbush yo